## УАЛÆ АРВБÆЛ ÆРФÆНИ ФÆД – НÆ ТУГЪДОН ТÆХГУТИ НАМУСИ ÆВДЕСÆН!..



*Тугъдон-уæлдæфон тухти Бон (12 августи) цитгийнаг бæрæгбон æй Цæгат Иристони дзиллæн дæр. Не 'мзæнхонтæй беретæ иссæнцæ искурдиадæгин тугъдонтæ, агъазиау лæгдзийнæдтæй фескъуæлхтæнцæ нæ Фидибæсти сæрбæлтау. Устур Фидибæстон тугъди рæстæги си Советон Цæдеси Бæгъатæри ном аккаггонд æрцудæй инсæйемæн. Абони дæр нæ тугъдон тæхгутæ се 'фсæддон ихæс æнтæстгинæй æнхæст кæнунцæ.*




Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

№29 (810) 2021 анзи 13 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман


## НОМЕРÆН



**КАЛОТЫ Хазби**

## ХОРЗÆЙ БАЗЗАЙ, ИР...

Æз цæуын... Цæуын, æмæ, чи зоны, фæстаджы балцы... Гъей, цæй даргъ у, цæй алыхуызон у мæ фæндаг! Хорзæй баззай, мæ райгуырæн Ир!.. Уарзын дæ... Уарзын дæ æмæ курын, ма мæ ферох кæн. Ницы дын радтон хорзæй, нæ уыд рæстæг... Ехх! Фæлæ мæ бон уыд уарзын, бауромæн кæмæн нæй, ахæм уарзондзинадæй.

О цас уарзын!..

Бабын уа, мах чи фæхицæн кодта, нæ цард нын чи сызмæста, уый бын бауа!

Цавæр фæндтæ уыд мæ сæры, цæмæты бæллыдтæн!.. Гъей, бæллиццаг цард!..

Æгъгъæд æнкъарддзинад! Схæц-ма дæхиуыл, мæ хорз æмбал, дæ цæстысыгтæ куы 'руагътай! Цæй тыххæй уæд?.. Æви дæм кæуинаг кæсы мæ хъысмæт?.. Нæ, рæдийыс... Бауром сæ. Æз нæ уарзын цæстысыгтæ, ма сæ хардз кæн, æвгъау сты... Бахуд фæлтау, бахуд дæ мидбылты æмæ мын мæ цæстытæм кæс. Æз нæ фефсæрмы уыдзынæн... Кæнæ та райс дæ фæндыр, фæндарасты цагъд мын æркæн. Уадз æмæ мæ зæрдæ мауал цæуа мæ риуы, рæдува йæхи æддæмæ, уадз æмæ æхсида мæ туг дæ цагъдмæ!..

Ехх, цы бауромдзæн мæн!

Бауырнæд дæ, ды мæ Батрадзы ныфс бауадздзынæ, мæ тыхæн кæрон нал уыдзæн, ацахсдзынæн мæ уаддымд æфсургъы барц, нынтъухдзынæн æм мæхи æмæ тымыгъау уайдзынæн мæ дард фæндагыл. Циу тугкалæн хæст мæнæн? Æз ахæсдзынæн дæ цагъды аив мыртæ мæ риуы, лæбурдзынæн фыранкау, никæцы тых басæтдзæн мæн. Уырны мæ, иу бон дæм кæй фæзындзынæн, иу бон дын æнæнхъæлæджы дæ рудзынг кæй бахойдзынæн, уый. Æнхъæлмæ кæс... Ма ферох кæн!..

*1941 аз.*

**РЕДАКЦИЙÆЙ:**

*Нæ æдзард бæгъатæр тугъдон æма алæмæти искурдиадæгин поэт Калоти Александри фурт Хазбийи райгурдбæл 15 августи æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1921-1943). Уой фæдбæл нæ газети абони номери мухур кæнæн (6-7-аг фæрстæбæл) Хазбийи туххæй æ хуæрз æрдхуард Дзодзиккати Аслæнбеги имисуйнæгтæ, уæдта Хазбийæн е 'мдзæвгитæй цалдæр, кæцидæрти ба уруссаг æвзагмæ тæлмацгондæй.*

## АХСГИАГ ФАРСТА




## АДЗАЛИ НИХМÆ МАДЗАЛ КУ НÆ АРАЗАЙ...

Цæгат Иристони еугур дзилли зæрдитæ дæр хъæбæр фæрресун кодта, æрæги тагъд агъази Клиникон сæйгæдони ци фудбæлах æрцудæй – ами тауæггурдæттæг (кислород) системи хæтæл ке ратудта, æма сæйгитæмæ еуцæйбæрцæдæр рæстæг е лæвæрд ке нæбал цудæй, уой фудæй си рамардæй еуæндæс адæймаги.

Нæ республики Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Сергей Меняйло хъæбæр хъонцгæнгæй ратæфирфæс кодта, еци æверхъау цауи фудæй сæйгæдони ка рамардæй, уони хæстæгутæ æма хеуæнттæн:

– Тæфирфæс кæнун, æнæнгъæлæги ка рамардæй, еци адæми бийнонтæ æма хеуæнттæн. Нуртæккæ æвæстеуатæй еугур мадзæлттæ дæр аразæн, цæмæй федæни хизт уæн уæхæн æверхъау цаутæй, – загъта республики разамонæг.

Сергей Меняйлой амунддзийнадæмæ гæсгæ, специалисттæ лæмбунæг рартасдзæнæнцæ, республики еугур сæйгæдæнтти кислороди системитæ куд косунцæ, уой.

Аци фудбæлахи фæдбæл дзоргæй, нæ республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тебиати Сослан** куд загъта, уотемæй е æй æнæнгъæлæги æрцæуæг цау, фал æнхæст дзуапп ратдзæнæнцæ специалисттæ, гъуддаг равзаруни фæсте.


2




Павел ЗАРОНИ (1915-1991) конд хузæ «Хъазбег æма Терк».

*Цæмæдæр гæсгæ уотæ уайуй, æма нæ адæмон исфæлдистади дæр, уæдта нæ финсгути уадзимисти ахиддæр æма фулдæр дзубанди фæццæуй мади тухxæй. Фиди тухxæй ба – æстæндæр. Зонетæ 'й, сæрмагондæй нисангонд æрцудæй Мади Бон – куд паддзахадон бæрæгбон. Фиди тухxæй уæхæнæй нерæнгæ нецима ес. Æма, æвæдзи, еци æнæрастдзийнадæ исраст кæнуни зæрдтæй рæстæгæй-рæстæгмæ райгъусуй Уæрæсей Фиди Бон дæр иснисан кæнуни тухxæй фæндæ. Фал... уотид дзубандийæй байзайуй. Æма мæнæ æрæги ба уæхæн фæндæ райгъустæй нæ бæсти фæллойни æма социалон гъæуайкæнуйнади Министради 'рдигæй. Е хуарз хъæппæрес æй, æма æ фарс тæккæ фиццагидæр уодзæнæнцæ Цæгат Кавкази адæмихæттитæ дæр – махмæ рагдзамантæй абони уæнгæ дæр уæлдай цитгингонд цæуй фидæ. Уобæл ма дзордзинан нæ газети иннæ номерти дæр, абони ба мухур кæнæн зундгонд журналист Баскати Урузмæги имисуйнæгтæ æ фиди тухxæй (5-аг фарсбæл). Аци уац бæлвурдæй æвдесуй, æ бийнонтæ æма цæуæти карнæбæл фидæ цæйбæрцæбæл ауодæг фæуй, сæ исонибонбæл тухсгæй цæйбæрцæбæл идæрдти расагъæс кæнуй, цæйбæрцæбæл зундгин разиннуй...*

***Номдзуд уруссаг финсæг Михаил ПРИШВИН (1873-1954) уотæ загъта: «Адæймаг гъæуама æнæмæнгæ уодведар уа, кенæ ба хæранзæрдæ цъамартæ фæлмæн, сабур, æвæлмаст адæймæгути уарзунцæ, сæхецæн си æнцойнæгæнæн лæдзгутæ аразунцæ. Уæ зæрдæбæл даретæ: «Хæран къулух æй æма еудадзугдæр хуæрзти лæдзгутæбæл æнцойнæ кæнгæй цæуй...»***




# АДЗАЛИ НИХМÆ МАДЗАЛ КУ НÆ АРАЗАЙ...



Бæрæг куд æй, уотемæй республики нæййес кислороди станцитæ, æма нæмæ кислород ласунцæ æндæр регионтæй, сæйрагдæр Краснодари крайæй. Аци куст уæлдай карздæр фæцæй фарæ, ковид ку рапарахат æй, уой фæсте. Фал нин нур, æрцæуæг цауи рæстæг Краснодари крайæй уæлдай фæййагъаз кодтонцæ иннæ синхаг регионтæ дæр – Стъараполи край æма Кæсæг-Балхъари республикæ.

Тебий-фурт ма куд загъта, уотемæй хæстæгдæр рæстæг бацæттæ кæндзæнæнцæ нæ республики медицинон косæндæнтти бундорбæл кислороди станцитæ исаразуни фæдбæл унаффитæ. Еци станцитæ арæзт ку 'рцæуонцæ, уæд нæ æндæр регионти агъазмæ æнгъæлмæ кæсун нæбал гъæудзæнæй. Куд ма загъта, уотемæй тагъд агъази Клиникон сæйгæдони дууæ анзей размæ адтæй цалцæггæнæн куститæ, фал си кислороддæттæг системæ арæзт æрцудæй дзæвгарæ раздæр.

Аци медицинон косæндони уæхæн уæззау цау ке 'рцудæй, уой фæдбæл дзоргæй сæйгæдони сæйраг дохтири хуæдæййевæг **Гутъиати Лианæ** загъта:

– Уæхæн уæззау уавæри бахаугæй еугур хъауритæй дæр байархайдтан, цæмæй сæйгитæ, гæнæн цæйбæрцæ адтæй, уойбæрцæ минкъийдæр гъигæдард баййафтайуонцæ. Уæззаудæр сæйгити иннæ хайæдтæй ракодтан, кислород сæрмагондæй ци корпусмæ лæвæрд цæуй æма иннетæмæ барæ ка нæ даруй, уордæмæ. Æма еци сæйгитæй еунæг дæр нæ фæгъгъудæй. Ковидæй сæйгити хæццæ косæн анз æма æрдæг, ардæмæ ласунцæ уæззаудæр сæйгити, æнæ кислородæй дзæбæхгæнæн кæмæн нæййес, уæхæнтти. Æма, ке зæгъун æй гъæуй, кислороддæттæг системæ куста, æгæр устур уæзæ ибæл æвæрд цудæй, уотемæй.

Æнæнгъæлæги цауи фæсте ци фараст сæйги рамардæй, уонæбæл ма дууæ цæй фудæй бафтудæй, зæгъгæ, еци фарстайæн дзуапп дæтгæй, сæйраг дохтири хуæдæййевæг куд загъта, уотемæй нæлгоймæгтæй сæ еуемæн æ зæрдæ адтæй гъигæдард, рамардæй тромбоэмболийæй. Иннæ нæлгоймаг ба рамардæй æрцæуæг цауи фудæй, уомæн æма уолæфтæй айдагъдæр аппарати фæрци.

## СÆЙРАГДÆР ИХÆС – БÆРНОНДÆР УН ÆМА ÆНОВУДÆЙ КОСУН!..

Коронавируси инфекци парахат кæнунæн гæрæнтæ æвæруни фарстати фæдбæл республикон оперативон штаби радон æмбурдæн разамунд дæтгæй, нæ республики Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйло** хъæбæр хъонцгæнгæй еума хатт ратæфирфæс кодта, тагъд агъази республикон Клиникон сæйгæдони техногенон фидбилизи фудæй ка рамардæй, еци адæймæгути бийнонтæ æма хеуæнттæн. Æма еугур профилон ведомствити разамонгутæн дæр карзæй бафæдзахста, цæмæй æрцæугæ фидбилизæй бæлвурд хатдзæгтæ искæнонцæ æма æнæмæнгæ гъæугæ фадуæттæ дæр исаразонцæ, цæмæй амæйфæстæмæ уæхæн цаутæй гъæуайгонд уæн. Æ домæн ба бæлвурд адтæй:

– Аци къæпхæни уæлдай ахсгиагдæр æй фидбилизи æууæлтæ рартасун, фарстамæ барæдарæг еугур ведомствитæй райдайæ (æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрадæй, «Росздравнадзор»-æй, «Ростехнадзор»-æй) æма сæйгæдони разамундæй фæууо – еугур бæрнон косгути архайдæн дæр закъони бундорбæл аккаг аргъ искæнун. Фидбилиз циуавæр æууæлтæ расайдтонцæ? Кислороддæттæн системæ сæйгæдони ка æвардта, еци компаний архайд цæйбæрцæ æнайййепп æй? Еугур гъæугæ гæгъæдитæ дæр гъæугæ хузи арæзт æрцудæнцæ? Уæдта сæйгæдони абони уæнгæ кислороддæттæн резервон хæтæл цæмæннæ адтæй, кæд æма уæхæн амунддзийнадæ лæвæрд æрцудæй мæйи размæ? Еугур еци фарстатæн дзуапп гъæуама раттонцæ слестгæнгутæ.

Æмбурди æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри хуæдæййевæг **Томайти Тамарæ** куд фегъосун кодта, уотемæй, гæнæн ес, æма Краснодарæй Дзæуæгигъæумæ кислород ласт цæуа къулумпити хæццæ. Уомæн сæйрагдæр анхосаг – министри хуæдæййевæги дзубандимæ гæсгæ – хуæдтолгитæ дзæвгарæ рæстæг бадзебæл унцæ надбæл.

Уоййадæбæл Сергей Меняйло министри хуæдæййевæги дзубанди бауорæдта. Республики разамонæг еци гъудийæй аразийæй нæ байзадæй. Байамудта Промышленность æма транспорти министради разамундæн, цæмæй республикæмæ кислород ласуни кустмæ е 'ргом раздаха.

– Кислород республикæмæ гъæуама ласт цæуа бæлвурд фæтки бундорбæл. Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрадæ гъæуама исараза сæрмагонд график. Промышленность æма транспорти министрадæн ба ихæс кæнун, цæмæй комкоммæ цæстдард цæуа, хуæдтолгитæ Краснодармæ афойнадæбæл рандæнцæ æви нæ, фæстæмæ графикмæ гæсгæ раздахтæнцæ, æви нæ, еугур еци хабæрттæмæ. Хуæдтолгæ надбæл бакъулумпи уодзæнæй, зæгъгæ, уомæй минкъийдæр тæссаг ку уа, уæд уайтæккидæр хабар игъосун кæнетæ, – фæннисан кодта Сергей Меняйло.

Дзубандийæн хатдзæгтæ кæнгæй, Сергей Меняйло ведомствити минæвæртти зæрдæбæл æрлæуун кодта, сæ архайди сæйрагдæр нисантæ адæми æнæнездзийнадæ æма æдасдзийнадæ ке 'нцæ, уой. Æ дзубандимæ гæсгæ, аци ахсгиаг кустмæ уæлæнгай цæстæй ракæсунæн бунат гъæуама ма уа. Еугур тухстаг фарстатæмæ дæр уæлдæр разамунди æргом гъæуама афойнадæбæл æздæхт цæуа.

Тагъд агъази Клиникон сæйгæдони ци бæлах æрцудæй, е ке æма цæй фудæй рауадæй, уой, æвæдзи, исбæрæг кæндзæнæнцæ барадон оргæнтæ. Фал уæддæр еу фуд ба нур дæр бæлвурд æй: еума хатт бабæй ни аци уæззау фидбилизæй баруагæс æй, цæйбæрцæбæл тæссагдзийнадæ нин хæссуй, кæмидæр кадæр цийфæнди хузи ке 'нхæст кæнуй æ комкоммæ бæрнон ихæстæ, уомæн ке уодæнсæн, е. Еци цийфæндикустгæнгутæ махæй ку не 'фсæрми кæнунцæ, уæд си мах ба цæмæн гъæуама æфсæрми кæнæн? Не 'фсæрмитæ ба, раги уа æви æрæги, фидбилиз расайунцæ…

Абони хумæтæги нæ мухур кæнæн номдзуд советон поэт Роберт Рождественскийи æмдзæвгæ «О мастерах». Бакæсетæ 'й, расагъæс кæнетæ, цæбæл си цæуй дзубанди, уобæл. Кæдимайди ба ни алкедæр æ кусти медæгæ æ кудфæнди цæстингас райййевидæ нæ цардиуаги ахсгиаг фарстатæмæ бæрнондæр унæй.

**Роберт РОЖДЕСТВЕНСКИЙ**

## О мастерах

*Мир стареет*
*в былых надеждах.*
*Но сегодня,*
*как и вчера –*
*на плечах*
*эту землю держат*
*и несут на себе*
*мастера!*
*Мастера.*
*Профессионалы.*
*Те, что в жизни постичь смогли*
*щедрость камня,*
*душу металла,*
*свежесть формулы,*
*нрав земли.*
*Мастера,*
*мастаки, умельцы.*
*Понимающие до глубин*
*механизм*
*станка или сердца,*
*ход смычка*
*или гул турбин...*
*Руки вещие простирая*
*к перекрёсткам*
*звёздных миров,*
*время*
*движется мастерами*
*и надеется*
*на мастеров!*
*К ним взывает*
*нощно и денно...*

*Только –*
*дьявол её возьми! –*
*приблизительность*
*овладела*
*торопящимися людьми.*
*Что-то учат,*
*о чём-то знают,*
*в общем – сеют,*
*в среднем – стригут.*
*Приблизительно*
*объясняют.*
*Относительно*
*берегут...*
*Приблизительное уменье,*
*как свараганенный наспех*
*дом, –*
*если даже не мстит*
*немедля,*
*то обрушивается*
*потом.*
*Откликается после*
*жёстко,*
*все порывы*
*сводит на нет.*

*Мир*
*погибнет не от обжорства,*
*не от козней*
*чужих планет,*
*не от засух,*
*не от морозов,*
*не от ядерных*
*сверхатак, –*
*он погибнет,*
*поверив в лозунг*
*добродушный:*
*«Сойдёт и так!»*
*Расползающееся в атмосфере*
*из квартир,*
*контор*
*и дворов*
*громовое:*
*«А нам до фени!» –*
*наступает*
*на мастеров.*

*А они стоят,*
*будто крепости,*
*в правоте*
*своего труда.*
*И не могут иначе.*
*И требуются*
*срочно!*
*спешно!*
*всюду!*
*всегда!*

**Уæрæсей хуцаубони, 15 августи бæрæггонд цæудзæнæй археологи Бон. Зæрдиагæй арфæ кæнæн Цæгат Иристони ахургæндтæй аци ахсгиаг наукон къабази ка архайуй, уонæн.**

*Номдзуд уруссаг философ Александр ПЯТИГОРСКИЙ (1929-2009) финста: «Нуртæккæ Уæрæсейæн æ бæлæхти бæлах æй, æгъдау æма си æфсармæн сæ кой, сæ гъæр дæр ке нæбал ес. Ардигай игурунцæ æгъатирдзийнадæ, аллихузон æбуалгъ миутæ... Æма адæм еци æнаккаг уавæрбæл исахур æнцæ, нæбал æй æстæфунцæ...»*





**Аци къари ци берæуæладзугон арæзтадæ уинетæ, е конд æрцудæй Дзæуæгигъæуи Хетæгкати Къостай номбæл фæлладуадзæн æма культури парки бæрæгастæу. Ами ин æгириддæр уæн нæййес, зæгъгæ, æ нихмæдзоргутæ кæд хъæбæр берæ адтæй, уæддæр, уинетæ ‘й, игъосæг сæмæ нæ фæцæй… Нур æй, зæгъунцæ, фехалуйнаг æнцæ…**

# ГЪУДДАГИ БАЦУДТÆ, УÆД ДЗУАПП ДÆТТУНГЪОН ЛÆГИГЪÆДГУНÆЙ УО!..

Æма бабæй куд нæ æримисæн нæ рагфидтæлти зундамонæг фæдзæхститæ. Уонæй нин байзадæй мæнæ ауæхæн загъд: «Гъуддаги ку бацæуай, уæд си лæгигъæдгунæй архайæ – рæуæнттæ агорун тиллефтæ кæнун ба хъор æма къулумпий хуасæ ‘нцæ!..» Æцæгæйдæр уотæ ке ‘й, уой нæ алфамбулай хъæбæр берæ рауæнти ку уинæн! Беретæ бæрнон бунатмæ хицæ кæнгæй, бадгæ дæр си бæргæ ‘ркæнунцæ, фал си гъæугæ хузи архайунгъон ба æгириддæр не 'сунцæ – кенæ арæхсгæ нæ фæккæнунцæ, кенæ ба сæ фæндгæ дæр нæ фæккæнуй, уомæн æма, æвæдзи, никки бæрзонддæр бунатмæ фенгъæлмæ кæсунцæ.

Нæ абони цардиуаги берæ æнæмæнгæ райаразуйнаг гъуддæгутæ дæр гъе уомæ гæсгæ сæ берæрæстæгон æдзæллаг уавæртæй ратæлфунгъон нæ ‘нцæ, уой фудæй ба нæ еугурдæр æвзарæн тухстдзийнæдтæ.

Уæхæн «цийфæндидзийнæдтæ» нæмæ æгæр ке исберæ ‘нцæ æма нæ размæцуди æгæр ке хъор кæнунцæ, раст гъе уой фæдбæл нæ республики Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйло** хъæбæр карзæй дзурдта æрæги ци урух æмбурд исаразта æма си сæрдареуæг кодта, уоми. Дзубанди ба си цудæй республики аллибони царди берæ ахсгиаг фарстати фæдбæл.

Цæгат Иристони Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Сергей Меняйлой разамундæй хецауади Хæдзари ци урух æмбурд адтæй, уой архайгутæ æрдзурдтонцæ республики аллибони царди ахсгиаг фарстатæбæл.

Республики Сæргълæууæг ведомствити разамонгути æргом нæуæгæй раздахта зæнхи хæйттæ æма æндæр паддзахадон есбойнади инвентаризаций фарстатæмæ. Уобæл дзоргæй, Сергей Меняйло профилон министрадти разамонгутæн байхæс кодта, цæмæй исбæлвурд кæнонцæ, апърели мæйи Дзæуæгигъæуи администраци зæнхи хæйтти аренди фæдбæл ци бадзурдтæ исфедар кодта, уони закъонадон бундор.

– Уæ зæрдæбæл уин лæуун кæнун, аци анз 20 апърели ци унаффæ исфедар кодтан, уомæ гæсгæ рæстæгмæ уорæд æрцудæй зæнхи хæйттæ аренди дæттуни куст. Фал куд исбæрæг æй, уотемæй еци æмгъудæй фæстæдæр федаргонд æрцудæнцæ зæнхи хæйтти аренди туххæй бадзурдтæ. Æма нин нур дзорунцæ, еци бадзурдтæ, дан, 2015 æма 2016 æнзти бафинстан. Паддзахадон есбойнадæ æма зæнхи рахастдзийнæдти министрадæ æма иннæ ведомствитæн ихæс кæнун, цæмæй исбæлвурд кæнонцæ, 20 апърели ци бадзурдтæ федаргонд æрцудæй, уони барадон æнаййепдзийнадæ. Уæдта æркæсун гъæуй, еци зæнхитæ еу категорийæй иннемæ куд раййивтонцæ, (гъома, раздæр арæзтадон архайд кæнæн кæми нæ адтæй, еци зæнхи хайбæл нур исфæндæ кодтонцæ бæстихæйттæ æрæвæрун), уомæ дæр, – бафеппайдта республики разамонæг.

Цæгат Иристони сæйраг сахари уавæрбæл дзоргæй, Сергей Меняйло æ гъудитæ загъта нæуæг объектти арæзтади фæтки туххæй дæр.

– Ами тъæпп, уоми тъæпп арæзтæдтæн нурæй фæстæмæ гъæуама бунат мабал уа. Еугур фæзуæттæ дæр идарддæр гъæуама ирæзонцæ комплексон пъланти бундорбæл – гъома, еугур арæзтадон объекттæ дæр гъæуама уонцæ кæрæдзебæл баст. Еугур арæзтадон архайд дæр гъæуама дзуапп дætта закъонæвæрунади домæнтæн. Уой хæццæ æ тухи уодзæнæй уæхæн домæн – еугур объектти фарсмæ дæр рагацау гъæуама нисангонд уа социалон инфраструктури арæзтадæ дæр, – загъта Сергей Меняйло.

Æмбурди архайгутæ æркастæнцæ республики цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради комплекси фарстатæмæ дæр. Зæгъæн, сæрмагонд æргом ‘здæхт æрцудæй канализаци æма донуадзæн хæтæлти райарæзтмæ. Уой фæдбæл æмбурди радзубанди кодта цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради, артаг æма энергетики министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тамати Майрæн**.

Профилон ведомстви разамонæги дзубандимæ гæсгæ, аци къабази еугур нисангонд куститæ дæр пълани бундорбæл æнхæстгонд цæунцæ. Зæгъæн, Елбаевой гъæуи цæргутæмæ ниуазуни дон бахъæртдзæнæй 31 августмæ, мæйи кæронмæ æнæ донæй нæбал уодзæнæнцæ Цæликки цæргутæ дæр, Заманхъули ба донуадзæн нæуæг хæтæлтæ бахъæртдзæнæнцæ сентябри кæронмæ.

Фарстайæн хатдзæгтæ кæнгæй, Сергей Меняйло куд бафеппайдта, уотемæй еугур кустітæ дæр гъæуама æнхæстгонд æрцæуонцæ æнаййеппæй æма афойнадæбæл.

Республики пандемий хæццæ баст исæвзургæ уавæри туххæй адтæй æ радзубанди æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тебиати Сосланæн.**

Исæвзургæ уавæри фæдбæл профилон министради разамундæн бæлвурд амунддзийнæдтæ ратгæй, Сергей Меняйло сæрмагондæй æрдзурдта Тæрхонадон-медикон экспертизи республикон бюрой архайди туххæй дæр. Министрадæн ихæсгонд æрцудæй, цæмæй бюрой разамонæги бунатмæ байагоронцæ нæуæг адæймаг.

– Тæрхонадон-медикон экспертизи бюрой разамонæги бунатмæ гъæуй нæуæг специалист. Нуртæккæ бюрой сæргъи ка лæууй, еци адæймаг, куд лæдæрун, уотемæй уæлæнгай цæстæй кæсуй æ кустмæ. Еци косæндонæ ку бабæрæг кодтон æма ку ракурдтон, хецауи мин фæууинун кæнетæ, зæгъгæ, уæд мин балæдæрун кодтонцæ, æ фæллад уадзунмæ ке рандæй, уой. Уæдæй абони уæнгæ мæнмæ неци хабар ес, еци фембæлди бюрой разамонгутæн ци амундзийнæдтæ равардтон, етæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уой фæдбæл, – бафеппайдта Сергей Меняйло.

Æмбурди архайгутæ æркастæнцæ æндæр фарстатæмæ дæр.

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



*Иристони рагæйдæр федар æй еу фæткæ: кæрæдземæн сæ цардиуаги циуавæрдæр менеугутæмæ гæсгæ фæсномугтæ дæттун. Цæгат Иристони адæмон финсæг Даурати Дамир ба сæбæл сæрмагондæй документалон уацау дæр ма бацæттæ кодта. Æма уой кæронбæттæни уотæ финсуй: «Мæнмæ гæсгæ, нæ абони хецаудзийнади бæрнон бунæттæ ахæсгутæ, сæ разæй ка ‘дтæй, уонæй берæ зудæдæр æма фæливддæр æнцæ, фулдæр сæхе мæтæ кæнунцæ, хъæбæрдæр сæхе пайдайæн архайунцæ. Уой адæм уинунцæ, сæ цæсти си беретæн кадæ нæййес, ходунцæ сæбæл, имисунцæ син аллихузон фæсномугтæ.*

*Зæгъæн, нæ уæлдæр хецауеуæггæнгутæй еуемæн равардтонцæ мæнæ ауæхæн дуккаг ном – «Мæн æй», гъома, мулкитæй æ къохтæ цæмæдæр хъæртуннцæ, уони æхемæ æнхуæрсуй – æхе бакодта зæнхити цалдæр хайии, цалдæр фатери, цалдæр агъазиау тукани… Хæлæф кæнуй: айæ дæр мæн æй, е дæр мæн æй… Инней хонунцæ «Пусть подождет». Ескæмæ æхемæ нисангонд рæстæгмæ ку фæдздзоридæ, уæд æ секретарæн ба бафæдзæхсидæ, афойнадæбæл ку фæззинна, уæддæр «Пусть подождет…»*

***

Нæ абони цардарæзти ахсгиаг гъуддæгутæ ке нæ рæвдзæ кæнунцæ, æдзæллагдзийнæдтæ си фулдæрæй-фулдæр ке 'ссæнцæ æма нæ хъæбæр ке хъор кæнунцæ, е уой фуд æй, æма нæмæ паддзахадон бæрнон бунæтти уæхæн «Пусть подождет» æма «Мæн æй»-тæ æгæр ке исахид æнцæ...



**Александр ПРОХАНОВ, финсæг: «Æрæги мин куд радзурдтонцæ, уотемæй еу урайлаг миллиардер байхуæрста Петербурги сæйраг стадион, цæмæй æ бийнойнаги хæццæ уоми, адæмæй си уонæй уæлдай куд некебал уа, уотемæй агъазиау гъазæн фæзи æрæвæра, æ фингæ æма уотемæй исбæрæг кæна æ райгурæн бон…»**

Æдзæсгондæр миуæ ма фæууиндæй?!. Айдагъ уомæй дæр бæрæг æй: еугурадæмон хæзнатæбæл фæххæлæф кæнгæй ка рабонгин æй, уони бæлдæ æй, цæмæй Уæрæсей уонæй уæлдай макебал уа æма æнæгъигæдардæй сæ мулкдзæстæ хабæрттæ кæнонцæ. Давуйнагæй си ку нецибал уа, уæдта, баруагæс уи уæд, уайтæккæдæр фæддунд уодзæнæнцæ, сæ давд мулкитæ ци бæстити æфснайунцæ, уордæмæ.



**Дмитрий ГУБЕРНИЕВ, спортивон комментатор, спортивон гимнастикæй Уæрæсей силгоймæгти еугонд команди фæуууæлахези фæдбæл: «Æз официалон æгъдауæй игъосун кæнун Еугуруæрæсеуон прухи ( нури фæсевæдон загъд – амонд æма æнтæст) бæрæгбон иснисан кæнуни туххæй...»**

Гъо, зæгъæн, анзи бæнттæй еу, 27 июль (гимнасткитæ кæд фæуууæлахезон æнцæ) Уæрæсей официалон æгъдауæй прухи Бонбæл нимад ку ‘рцæуа, уæд анзи иннæ 364 бони ба циуавæртæбæл нимайдзинан? Æнамонд æма æнæнтæстдзийнади бæнттæбæл? Уогæ, нæ абони цардиуаги æдзæллагдзийнади фудæй сæ фулдæр адæм уæхæнттæбæл нимайунцæ...



**Светланæ РАДИОНОВА, æрдзæй пайдакæнуйнади къабази цæстдарди федералон служби разамонæг: «Еугурæй дæр зонунцæ десантникти загъд: «Махæй уæлдай, неке!..» Æма раст гъе уотæ зæгъæн ес мах кусти туххæй дæр...»**

– Бæргæ еци фæткæ æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг ку 'суидæ не 'хсæнади еугур къабæзти архайгутæн дæр сæ аллибониккон кусти, уæд цæйбæрцæ æнтæстгиндæр уиуонцæ нæ цардарæзти еугур хабæрттæ дæр. Фал, гъулæггагæн, еци загъд «Махæй уæлдай, неке!..» кадæртæ, уæлдайдæр ба еугурадæмон есбойнадæмæ ке къохтæ хъæртунцæ, уотæ лæдæрунцæ, гъома, уонæй æма сæ цæуæтæй уæлдай уотæ хæлæф кæнуни барæ некæмæн ес. Фидибæсти сæрбæлтау фескъуæлхуни барæ ба хумæтæг фæллойнæгæнгутæ æма уони цæуæтæн æнæгъæнæйдæр дæттунцæ.

**Номдзуд уруссаг ахургонд, Кавкази адæмти æвзæгтæ æма культурæ æртасæг Услар Петр Карли фурти райгурдбæл 20 августи æнхæст кæнуй фондз æма дæсинсæй анзи (1816-1875).**

*Номдзуд французаг финсæг Александр ДЮМА (1802-1870) кæддæр фæббуцæу æй еу бердзейнаги хæццæ. Грекъаг загъта: «Еугуремæй зундгиндæр лæгтæ æма номдзуддæр философтæ мах бæстæй рацудæнцæ!..» Дюма ин уайтæккæдæр уотæ: «Раст зæгъис. Бердзенистонæй рацудæнцæ. Уомæ гæсгæ уæмæ уоми еунæг зундгин лæг дæр нæбал байзадæй...»*

# ГЪÆУÆН ÆХЕ КУВДТИТÆ ДÆР ФÆУУЙ!..



Нæ бæсти историй фиццаг гъæууонхæдзарадон минкъий исфинст райдæдта 1 августæй фæстæмæ æма цæудзæнæй 30 августмæ. Е рахъæртдзæнæй еугур регионти аграрон кустуæттæ æма фермерон хæдзарæдтæбæл, уæдта агъазадон хæдзарæдти зингæ хæйттæбæл дæр.

Цæхуæн фарстатæ лухгонд æрцæудзæнæнцæ, раздæри гъæууонхæдзарадон исфинст – 2016 анзи цæмæй хецæн кæнуй, уæдта бæрæггæнæнти сосæгдзийнадæ куд гъæуайгонд цæудзæнæй æма æндæрти туххæй æрæги дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæрттæн радзурдтонцæ «Росстат»-и разамонæг **Павел Малков** æма Уæрæсей Федераций гъæуун хæдзаради гъæууон зæнхити райрæзти департаменти директор **Ксения Шевелкина**.

Фиццаг хатт исфинст нæ бæсти цæуй, раздæри хузæн дæс анзей нæ, фал фондз анзей фæсте. Уотæ ‘й ке фæрраздæр кодтонцæ, е баст æй, технологитæ æма аграрон сектори æйййивддзийнæдти хæццæ, уæдта бæсти экономикæ райрæзун кæнуни фарстати хæццæ. Нимæдзон исфинсти фæрци бæлвурд аргъгонд æрцæудзæнæй фæрæзнити бундорæн æма бæсти аграрон сектори гъомусадæн, уæдта гъæууон хæдзаради фæстаг структурон æйййивддзийнæдтæн. Идарддæр ба куст цæудзæнæй гъæуæн, устур аграрон æма фермерон кустуæттæн, минкъий агъазадон хæдзарæдтæн агъаз кæнуни программитæ исаразунбæл.

– Гъæууон хæдзарадæ æй экономики ахсгиаг къабæзтæй еу, – баханхæ кодта æ радзубандий Павел Малков. – Евгъуд анз продукци уагъд æрцудæй 6,1 трлн. сомемæй фулдæри аргъ. Æмбурдгонд æрцудæй 133,5 миллион тонни хуар, 20 миллион адæймагемæй фулдæр ба гъæууонхæдзарадон продукци уадзунцæ нæ бæсти. Мадта ци лæууй аци сор нимæдзти фæсте? Е ба æй, экономикон æма хуаллаги æдасдзийнадæ, уæдта хуæдбарæдзийнадæ дæр æма бæсти федæнбæл зæрдæдарундзийнадæ.

Куд ма загъта, утемæй нимæдзон минкъий исфинсти фæрци, микроскопæй сæмæ кæсуни хузæн, хуæрзбæлвурдæй фæууинæн уодзæнæй еугур листæг хæйттæ дæр, бæлвурддæр аргъгонд æрцæудзæнæй бæсти гъæууон хæдзаради структурæн, хуæздæр товаруадзгути уавæрæн. Æртасæн куститæ рахъæртдзæнæнцæ еугур 41,9 мин гъæууонхæдзарадон организацитæбæл, 144,9 мин зæнхкосæгфермерон хæдзарæдтæбæл æма хесæрмагонд амалгъонтæбæл, уæдта 82,6 мин æнæкоммерцион æмбаладæбæл æма 16,5 миллион агъазадон хæдзарадебæл.

Уомæй уæлдай, исфинсти бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ исбæлвурд уодзæнæй бæсти æма регионти хумгæнди зæнхити бæрцæ æма фонси нимæдзæ 2021 анзи 1 августи уæнгæ. Исфинсти бæрæггæнæнтæй ба пайда кæнун æнгъездзæнæй экспертæн, ахургæндтæн, аграрон къабази косгутæн æма æндæртæн. Еугур æрмæг æмбурд кæнуни туххæй ба пайдагонд æрцудæй дуйнеуон фæлтæрддзийнадæй. Уой хæццæ, Уæрæсей минкъий исфинст бацудæй Еугонд Нацити Организаций гъæууонхæдзарадон исфинсти Дуйнеуон программæмæ.

Росстати разамонæг ма баханхæ кодта уой дæр, æма нимæдзондзийнади фæрци исфинсти хæрзтæ рауайдзæнæнцæ æртæ хатти минкъийдæр – раздæр ци исфинст арæзт æрцудæй, уой хæццæ рабаргæй, 4 миллиард сомемæй асландæр, 2016 анзи исфинсти хæццæ рабаргæй ба æнцæ 13 миллиард сомемæй минкъийдæр. Хæрзти фулдæр хай багъæудзæнæй æрфинсгутæн кусти мизд бафедунæн. Етæ ‘нцæ 34,6 мин адæймагемæй фулдæр – бунæттон цæргутæ. Еугурæйдæр рацудæнцæ ахуртæ ( е цудæй онлайн-уагæвæрди), лæвæрд син æрцудæй электронон планшеттæ, уæледарæс æма санитарон гъæуайкæнуйнади фæрæзнитæ, сæ мизд ба æй 18 мин соми.

Ксения Шевелкина ба æ радзубандий уотæ загъта:

– Хесæрмагонд агъазадон хæдзарæдтæ дæттунцæ еугур гъæууонхæдзарадон продукций æртиккаг хай. Уомæ гæсгæ етæ ‘нцæ къабази ирæзти ахсгиаг гъомус. Минкъий исфинст арæзт ке ‘рцудæй, уой фæрци ба æмбæлгæ хузи пайдагонд цæудзæнæй нæ фæрæзнитæй, исбæлвурд уодзæнæй гъæууон хæдзаради абони уавæр, фонс æма мæргъти нимæдзæ æма берæ æндæртæ. Нуртæккæ мах косæн хесæрмагонд хæдзарæдтæн агъаз кæнуни мадзæлттæ исаразунбæл, фал нæмæ бæлвурд бæрæггæнæнтæ ке нæййес, уой фудæй нæ архайд къулумпи кæнуй. Æз уотæ æнгъæл дæн, æма, аци анзи кæрони ке райсдзинан, еци минкъий исфинсти бæрæггæнæнтæ хуарз агъаз фæууодзæнæнцæ хæдзареуæггадæ раст надбæл æрæвæрунæн, уæлæнхасæн мадзæлттæ арæзт æрцæудзæнæнцæ уони гъæууонхæдзарадон кооперативтæмæ бакæнуни туххæй.

***

Аци исфинсти ахедундзийнади уæлдай ахсгиаг æй Цæгат Иристони – фæстаг рæстæги нæмæ зингæ фулдæр æргом æздæхт цæуй нæ гъæууонхæдзаради къабазæмæ, арæзт цæуй берæ аллихузон гъомусгин мадзæлттæ е 'нтæстгин райрæзти фæдбæл.

Е бæлвурдæй рабæрæг æй, айразмæ Елхотти арæзт ка æрцудæй, еци сæрмагонд равдист «Будур-2011». Уой игон кæнгæй, нæ республики Хецауади Сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тускъати Таймораз** æ радзубандий загъта:

– Зæрдиагæй арфæ кæнун аци равдист исаразгутæн, иуазгутæн. Нæ бæсти регионти æма нæ республики социалонэкономикон ирæзтмæ аккаг æвæрæн ке хæссетæ, уой туххæй уи алкедæр арфи аккаг æй. Уæ фæллойни æма æнтæстити фæрци нæ бæстæ цох нæй базарадон продукттæй, ирæзунцæ гъæууон хæдзарадæ æма экономики алли къабæзтæ. Уæ фæрци æнтæстгинæй царди уагъд цæунцæ гъæууон хæдзаради ирæзти паддзахадон программитæ. Мæ зæрдæ уин зæгъуй нæуæг кустадон æма коммерцион æнтæститæ.

Гъæууонхæдзарадон равдист «Будур-2021» фиццаг хатт арæзт æрцудæй дууæ анзей размæ. Аци анз си архайдтонцæ гъæууонхæдзарадон товаруадзгутæ нæхе республикæ æма синхаг регионтæй. Уомæй уæлдай ма си фæууинæн адтæй тауæн, хумгæнæн, гъæууонхæдзарадон культуритæ аллихузон зианхæссæг цæрæгойтæй гъæуайгæнæн хуастæй пурфгæнæн, фонсдарунади къабази кустади нуриккон техникæ æма тракторт æ.



Нæ гъæууонхæдзарадон къабази фарнæ агъазиау æй.



ТУСКЪАТИ Таймораз гъæууонхæдзарадон равдисти Елхотти.

*Зундгонд ирон финсæг АЙЛАРТИ Измаил (1924-2018) финста: «Сувæллон... конд æма зундæй гъæуагæ нæ ‘й, уæд еугъæдони цибæлæй фæуй цæмæдес æма зæрдæргъæвд. Хестæртæмæ ци уина, уой кæнуй... Фондзанздзудæй лæдæруй хæдзари биййонти каргай: мадæ æма фиди, æнсувæр æма хуæри, уæдта уони астæу тогæй хæстæгдзийнадæ...»*




БАСКАТЫ Бибола

# ФЫДЫ ФÆДЗÆХСТ



**БАСКАТЫ Уырызмæг,**
журналист,
спортивон
комментатор

«Хистæрæн йæ фындз амæрз æмæ йæ зондæй бафæрс». Ацы ирон æмбисонд иттæг раст кæй у, уый цард йæхæдæг иу æмæ дыууæ хатты нæ равдыста.

Фæлæ хистæртæ дæр алыхуызæттæ сты. Хатгай адæймагыл азтæ бирæ рацæуы, фæлæ йын уый адæмы 'хсæн ницы ахады, уымæн æмæ йæ ныхасы, йæ хъуыддæгты нæдæр уæз вæййы, нæдæр апп.

Хорз æмæ нæм Ирыстоны рагæй дæр уыдис æмæ абон дæр ис æцæг фæрнджын хистæртæ. Уыдон уыдысты æмæ сты нæ адæмы удварн хъахъхъæнджытæ, æмæ сæм цас фылдæр хъусджытæ уа, уыйас нæ адæмы 'хсæн рæдыд хъуыддæгтæ къаддæр цæудзæн.

Хистæр кæстæрыл куы ауда, æнæвгъау ын йæ зондæй хай куы кæна, уæд уыцы кæстæр рæдыд фæндагыл нæ ацæудзæн, фæлæ йæхæдæг адæмæн уыдзæн хæрзгæнæг.

Æз мæхи амондджын хонын, мæ сабибонтæй фæстæмæ ахæм хистæртæй хайджын кæй фæдæн, уый тыххæй. Нæ хæдзары æмæ нæ сыхбæсты цы хистæртæ уыдтон, уыдонмæ хъусын æмæ кæсын уыди стыр скъола. Кæстæрты куыд хъахъхъæдтой рæдыд фæндагыл ацæуынæй, уый тыххæй дæнцæгæн æрхæсдзынæн ахæм цау.

Советон паддзахады 1930 азты цы уавæр уыд, уый тыххæй абон дæр ма быцæу ныхас кæнынц – политиктæ, ахуыргæндтæ, суанг хуымæтæг хуымæтæг адæм дæр. Нæ бæстæйы уæд иуæй стыр арæзтæдтæ цыди, иннæмæй та дзы ног цардаразджытæ цы дæрзæг мадзæлттæй архайдтой, уыдон кæйдæрты зæрдæмæ нæ цыдысты, æмæ семæ тохы уæды хицæуттæ уыдысты æгæр æгъатыр. Хъыгагæн, ног царды æцæг знæгтæй уæлдай æфхæрд æрцыдысты бирæ æнаххос адæм. Иу бæллæх та ма уый уыд, æмæ цы уавæр сæвзæрди, уымæй пайда кодтой магусатæ, хæлæггæнджытæ æмæ алыхуызон цъаммартæ. Уыдон-иу хахуыртæ афыстой, сæ зæрдæмæ чи нæ цыд, уыцы æнаххос адæймæгтыл, æмæ-иу уыйадыл лæг тæрхондоны смидæг.

Уыцы азты мæ фыд, Баскаты Бибола, куыста Æрыдоны колхоз «Сырх Æрыдон»-ы бригадирæй. Йæхæдæг куыд дзырдта, афтæмæй-иу боныцъæхтыл уыди йæ куысты. Колхозы размæ цы хæстæ лæууыд, уыдон æххæст кæнынæн бирæ фыдæбон хъуыди. Арæх-иу зылди хæдзарæй-хæдзармæ æмæ колхозон-ты быдырмæ ракодта-иу, куыд гæнæн уыдис, афтæ раздæр.

Æвæццæгæн, райсомæй фынæй кæнын чи уарзта, уыдонæй йæм чидæртæ мæсты кодтой æмæ йыл хахуыртæ ныффыстой мидхъуыддæгти адæмон Комиссариатмæ НКВД-мæ). Уыцы рæстæг ахæм фыстæг уыди куыдзæн «уыст» зæгъæгау. Уайтагъд фæзындысты милицæ æмæ мæ фыды Дзæуджыхъæуы НКВД-йы ныккæнды смидæг кодтой.

Уый уыди хурбон арвы цæфау. Мæ мадæн уыцы рæстæг йæ дзидзидай æвдæм сывæллон, мæ хо Нинæ, уыди йæ хъæбысы æмæ зæрдæдзæф фæци. 36-аздзыд сылгоймаг йæ авд сывæллоны æвджид аззади. Кæй-иу æрцахстой, уыдонæй фæстæмæ ничиуал здæхт. Мæ мадæн фырадæргæй йæ иу фарс бандзыг æмæ ма дзæвгар рæстæг уыцы низимæ фæтухæнтæ кодта. Æнæнхъæлæджы дыууæ мæйы фæстæ мæ фыды ахæстонæй рауагътой. Уый уыцы рæстæг иуæй стыр амондджын хабар уыд, иннæмæй та дисы æфтыдта бирæты: цы хуызы йын бантыст НКВД-йы дзæмбытæй раирвæзын? Мæ фыды-иу исчи куы фарста йæ суæгъды тыххæй, уæд-иу сын загъта: «Ницы дзы ис диссагæй. Слестгæнджытæ лæмбынæг æркастысты хъуыддагмæ æмæ мæм аххосагæй куы ницы ссардтой, уæд мæ хатыр ракуырдтой æмæ мæ рауагътой». Йæ ныхасмæ гæсгæ, цыма слестгæнджытæй уæздандæр адæм нæ уыд, афтæ сæ æвдыста. Афтæ кæй нæ уыд, уый тыххæй радзырдта æрмæстдæр 1960-йæм азы.

Цæвиттон, ахæстоны уымæл ныккæнды цы хъизæмæрттæ бавзæрста, уыдон фæстæдæр йе 'нæниздзинадыл фæзындысты æндыснæджы хуызы, фæлæ йын уæддæр, йæхи загъдау, Хуыцау æххуыс кодта æмæ ахæстоны кусджытæй иу разынд мæ фыдæн йæ мадырвадæлты 'рдыгæй хæстæг. Уый йæ базыдта, фæлæ йæхи ницы зонæг скодта. Барæй ма йæм тызмæгдæрæй дæр дзырдта. Иу рæстæг ын сусæгæй хицæнæй куы зæгъид: «Бибола, цы гæххæтт дыл æрбацыд, уый у хæрз æдылыты фыст, фæлæ дæ уæддæр домдзысты, цы суагъæ ныффыссой, ууыл дæ къух сæвæрын. Ды-иу æй лæмбынæг бакæс æмæ дзы цы нæ бакодтай, уыдæттæ фыст куы уа, уæд æй ма бафысс». Уыцы лæгæй базыдта мæ фыд, чи йыл ныффыста хахуыртæ, уыдоны нæмттæ дæр. Мæ фыд бакодта, йæ хæрзгæнæг ын куыд бацамыдта афтæ. Цынæ йын фæкодтой, уæддæр нæ бакуымдта мæнг гæххæтты къух бафыссын.

Уæд ма йын чекисттæ сарæзтой иу фæлварæн: йæ камерæмæ йын баппæрстой иу лæджы. Йæ цæсгом уыди цъæхтæ, раст цыма дæрзæг над баййæфта, афтæ. Иуцасдæр хъæрзæгау дæр кодта. Мæ фыд ын фæтæригъæд кодта, фæлæ йын йæ бон цы уыд? Йæ ног æмбал дыккаг бон йæхимæ куы 'рцыд, уæд мæ фыды фæрсы: «Дæу та цæмæй азымджын кæнынц ацы цъаммартæ?» Мæ фыд ын загъта: «Нæ йæ зонын, чидæр мыл ныффыста, колхоз, дам, фехалынмæ хъавын æмæ мыггаджы нартхор бæхты къæхты бынмæ фæкалдтон». Ног æмбал, цыма ацы дзуапмæ æнхъæлмæ каст, афтæ Советон хицауад æмæ чекистты æлгъитын куы райдаид. Адæмы сафджытæ схуыдта большевикты æмæ Сталины дæр. Мæ фыды зæрдæ цæмæндæр фæкъæпп кодта, фæгуырысхо, кæд ацы лæджы мæн ракъа-хынмæ æрбарвыстой, зæгъгæ. Ацы хабары тыххæй афтæ радзырдта:

– Æваст мæм цыма исчи сдзырдта, ацы лæг дæу ракъа-хынмæ æрбацыд, зæгъгæ. Æгæр-æгæр куы ныккалдта Советон хицауад æмæ суанг Сталиныл дæр, уæд мæ бынтондæр бауырныдта, провокатор кæй у, уый. Мæ маст рафыхт, æмæ ма мæм цы хъарутæ уыди, уыдон рамбырд кодтон æмæ йыл хафт-хафтæй ралæууыдтæн, ды кæй æлгъитыс, æз Советон цардыуагыл куы тох кæнын æрыгонæй нырмæ, зæгъгæ. Нæ хъæлæбамæ хъахъ-хъæнджытæ æрбагæппытæ кодтой. Мæн ныццæфтæ кодтой, ууыл та фæхæцыдысты æмæ йæ семæ хæссæгау акодтой. Чысыл фæстæдæр мæ слестгæнæг æрфарста, цæмæн фæнадтон уыцы лæджы, зæгъгæ. Æз ын загътон: ралгъыста мæ æмæ уымæн. Уый мæм æдзынæг ныккасти, стæй йæ мидбылты ба-худæгау кодта æмæ ацыди. Ууыл ма æртæ боны рацыд, афтæ мæм фæдзырдтой æмæ мæ рауагътой...

Ацы хъуыддæгтæ куы 'рцыдысты, уæд æз гуырд нæма уыдтæн. Не 'ппæты хистæр æфсымæр Тæтæри уыд æфсады, астæуккаг æфсымæр Данелыл та цыди аст азы. Данел хорз бахъуыды кодта, уыцы æбуалгъ хабар куы 'рцыд, уæд нæ мад цы рынчын фæци æмæ нæ бинонтæ цы хъизæмайраг цард кодтой, уыдæттæ. Данел куы фæхъомылдæр, уæд нæ фыды фæрсын райдыдта, хахуыртæ йыл чи ныффыста, уыдонæй, фæлæ йын сæ уый не 'схъæр кодта.

Цалынмæ... Цæвиттон, 1960 азы, мæныл уæд æвддæс азы цыдис, Данелыл та – дыууадæс æмæ ссæдз, афтæмæй дын иу бон нæ фыд кæцæйдæр нæхимæ æрбаздæхт. Фæлладæй йæхи бандоныл æруагъта, йæ худ систа, йæ хид къухмæрзæнæй асæрфта, стæй нæ мадмæ дзуры:

– Уыныс, Ирон (нæ мад Аннæмæ дзырдта уыцы номæй), Хуыцауы тæрхон куыд рауади: сæ фæстаджы сын абон йе 'нусон дунемæ афæндараст кодтон. Се 'ртæйæ иу дæр мæ фæстæ нæ баззад... Данел хабар куы фехъуыста, уæд йæ армытъæпæнтæ ныццагъта:

– Мæнæн та афтæ дзырдтай, нæ сæ зонын, нæ, дам, мын сæ схъæр кодтой чекистт!..

Нæ фыд йæ мидбылты бахудт æмæ сдзырдта:

– Æз дæуæн дæ зондахаст мæ фондз æнгуылдзау зыдтон, æмæ уыдон нæмттæ куы схъæр кодтаин, уæд ды дæ масты фæдыл ацыдаис æмæ цавæр бæллæхы бахаудаис – Хуыцау йæ зонæг. Ныр дæр уæ курын æмæ сын сæ кæстæртæм ма сызнæт ут. Уыдон сæ хистæрты чъизи митæм ницы бар дарынц...

Мæ фыды ацы ныхæстæ мæ зæрдæйы ныххаудысты, æмæ-иу мыл царды искуы мæстаг хабар куы 'рцыд, уæд-иу æвиппайды йæ хъæлæс мæ хъустыл ауад. Цал æмæ цал хатты нæ ацыдтæн мæ масты фæдыл! Чи зоны, цал æмæ цавæр рæдыдтæй мæ бахызтой мæ фыды ацы фæдзæхстытæ...



***Зундгонд ирон поэт ЦÆРУКЪАТИ Александр (1918-2000) Калоти Хазбийи туххæй финста: «Æригонæй иссирдта æ кари лæги фæлгæт, исбæрæг æй æ медрахаст, æ характер; исфедар æй æрдзæ, æхсæнадæ, цард æма зонуйнадæмæ æ цæстингас, алцæбæлдæр сагъæс кодта æхердигонау, барста æма карста æхе барæнæй...»***



КАЛОТИ Хазби

# ÆМБАЛÆЙ АМОНДГУН АДТÆН

КАЛОТИ Хазби райгурдæй 1921 анзи 15 августи хуæнхон гъæу Байкоми. Биййонтæ 1924 анзи ралигъдæнцæ будурмæ, æрцардæнцæ нæуæгарæзт Къостайгъæуи. Хазби ами авданзон скъола каст фæуугæй, 1934 анзи ахур кæнунмæ бацудæй Дзæуæгигъæуи педагогон техникуммæ, фал æй е 'нæнездзийнади тухст уавæрмæ гæсгæ каст нæ фæцæй. Фæстæдæр ахур кæнун байдæдта Тбилисий паддзахадон университети филологон факультети, уордигæй ба раййивта Цæгат Иристони педагогон институтмæ. Ами цуппæрæймаг къурси ку ахур кодта, уотемæй райдæдта Устур Фидибæстон тугъд. Æма 1941 анзи августи имæ фæдздзурдтонцæ Сурх Æфсади рæнгъитæмæ, рарвистонцæ 'й ахур кæнунмæ Камышини танкон училищемæ. Уой каст фæуугæй 1942 анзи сентябри кæстæр лейтенант Калой-фурт æрвист æрцудæй Архайæг æфсадмæ, иссæй танки командир. Немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тох кодта Калининаг æма Ленинградаг фронтти. Курски дуга, зæгъгæ, ке хонунцæ, уоми карз танкон тугъдтити рæстæг 1943 анзи 8 июли бæгъатæрæй фæммард æй. Байвардтонцæ 'й Курски облæсти Обоянаг райони гъæу Красная Поляни.

Калоти Хазбийи туххæй циуавæр æрмæг ниммухур кæнæн, уобæл гъуди кæнгæй расагъæс кодтан: е 'сфæлдтистадæ нæ дзиллæн уотемæй дæр хуарз зундгонд æй æма ма уой туххæй радзорæ-бадзорæ кæнуни бæсти æ имисæн бони хуæздæр уодзæнæй, Хазбийæн хумæтæг царди дæр цæйбæрцæбæл рæсугъд зæрдиуагæ æма уодигъæдæ адтæй, уой нин ка раргом кæна, уæхæн æрмæг ниммухур кæнун. Гъе уомæ гæсгæ уæ абони зонгæ кæнæн, æ хуæрз æрдхуард, тугъди æма фæллойни ветеран ДЗОДЗИККАТИ Аслæнбег кæддæр ци имисуйнæгтæ ниффинста, уони хæццæ.

***

КАЛОТИ Хазбийи хæццæ базонгæ дæн 1938 анзи, Дзæуæгигъæуи педагогон институтмæ ахур кæнунмæ бацæуни райдайæни. .Нæ зонун, цæмæ гæсгæ, фал сауæнгæ нæ фиццаг фембæлди мæмæ мæ зæрдæ федарæй исдзурдта, хуарз æмбал мин ке уодзæнæй, уой. (Уой фæсте мин Хазби куд загъта, уотемæй уæд уомæ дæр уæхæн гъуди фæззиндтæй). Нæ дууæ дæр – асæй никлæгутæ, æфсæрмигæнагæ, ахурбæл ба – еузæрдиуон, ахурадон уæтти бадгæ дæр кодтан æмвæрстæ, цæргæ дæр кодтан еумæ – Чапаеви гъæунгæбæл æмдзæрæни. Нæ хæццæ ма еци азгъунсти цардæнцæ дууемæй: Дзалати Моисей (Алагирæй) æма Фатцати Мишæ (Дигорайæй). Цардан мæгургомау, фал лимæнæй. Нæ сехуар еухузон мæгургомау адтæй – 200 грамми дзол, 100 грамми халиуа (сæкæри бæсти), еу агувзæ – фунх дон. Цæмæй лекцимæ ма байрæги кодтайсæ, уой туххæй сехуар гъæуама афойнадæбæл искодтайсæ. Фунх донмæ кезугай гъæуама цудайанæ хуæрæндонæмæ. Фал Хазби нæ еугурей разæй исистидæ æма фунх дон æрбахæссидæ. Уæхæн цæрдæг лæхъуæн адтæй.

Хъæбæр сæрæн, хатиргæнагæ, æнæхийнæ, æмгарæуарзагæ лæхъуæн адтæй Хазби. Æмгари туххæй æ фæстаг хæдонæ дæр раластайдæ. Мæгур студенттæ кæд адтан, уæддæр нæмæ æмгарæн кадæ кæнун, æмгарæбæл æмвæрсун, уомæн фæййагъаз кæнуни ихæс хъæбæр уæлиау æвæрд адтæй. Иннæ студенттæ дæр ма дес кæниуонцæ нæ лимæн цардбæл, уæлдайдæр нæ кæрæдзей хъæппæлти ку фæуууиниуонцæ, уæд.

Дессаги рæдау уоди хецау адтæй Хазби. Институти фиццаг къурси ма ку ахур кодтан, уæд Хазбийæн æ хестæр æнсувæр Барис ба ахур кодта цуппæрæймаг къурси. Е æхецæн бахуйун кодта костюм, Хазбийæн ба – ходæ. Хазби ходæбæл бацийнæ кодта, фал уайтæкки Бариси рафарста:

– Æма уæд Ципулæн ба?

Мæ мади номæвæрдæй мæ уотæ худта Хазби дæр фур уарзонæй. Барис медбилти бахудтæй æма æмдзæрæнæй фендæбилæ 'й. Бахуйун кодта мæнæн дæр Хазбийи ходи хузæн æма мин æй æрбахаста. Нæ цийнæн кæрон дæр нæбал адтæй. Хазби дæр уæд æ ходæ æ сæрбæл æркодта æма сæ дарун райдæдтан.

Ирон литературæ, уæлдайдæр ба поэзи, хъæбæр уарзта Хазби (мæнæн дæр ма 'й бауарзун кодта). Ирон поэтти æмдзæвгитæ зудта зæрдæбæлдардæй. Тæккæ фулдæр уарзта æма аргъ кодта Хъамбердиати Мисости, Нигери æма Фæрниони исфæлдистадæн. Уæлдай цитгин ба ин Хетæгкати Къоста адтæй. Уотæ зæгъидæ, ци амондгун, дан, адтайнæ, Къостай ку зудтайнæ. Е 'мдзæвгитæ ин еугурæйдæр зудта. Æма уотæ зæгъидæ: æ алли гъуди дæр, дан, ин разарæн ес. Хазби Къостай худта зæнхон Хуцау.

Алцæмæдæр зæрдæргъæвд уогæй, Хазбимæ æмдзæвгитæ финсунмæ разагъди арæхстдзийнадæ ке адтæй, уоми æнæгъæлондзийнадæй неци ес, уомæн æма исфæлдистадон æгъдауæй дессаги зæрдæргъæвд адтæй. Уотæ мæмæ кæсидæ, цума имæ рифмитæ кезуй лæудтæнцæ, кæмæн си кæми исæмбæлун æнгъизтæй, уомæ æнгъæлмæ кастæнцæ. Æма, æцæгæйдæр, мæлæти рæсугъд æма раст сæ бунæттæбæл æмбæлгæ дæр искæниуонцæ. Деси мæ бафтауидæ æ арæхстдзийнадæ æма ин ку зæгъинæ, адæмæн сæ раргом кæнæ, адæмæн, зæгъгæ, уæд мин уотæ зæгъидæ:

– Цæттæ нæма 'нцæ, цæттæ...

Нæ кæрæдзей хуарз лæдæрдтан, æма нæ лимæндзийнадæ дæр тухгиндæр кодта: «Æз лæгæй лæгигъæдæ домун. Хуарзи агорун æмбалæн...», уотæ зæгъуй æмдзæвгæ «Фæстаг салам»-и.

Уотæ рауадæй, æма 1939 анзи нæхемæ, Курттати коми фæдтæн каникулти. Ку 'рцудтæн ахури анзи райдайæнмæ, уæд фæссæйгæ дæн. Дохтиртæ мин амудтонцæ донибилæбæл сæумон уæлдæфæй уолæфун. Хазбийи хæццæ æрцæуинæ Терки билæмæ æма гъазгæ-ходгæй донмæ дортæ 'хсгæй, цидæртæ имисгæй, кæдзос уæлдæфæй уолæфгæй, Ногири ауиндзгæ хедмæ æрхъæрттан. Хедбæл бацудан гъæумæ æма мин уотæ зæгъуй: ами, мæ мади 'рвадтæлтæ цæрунцæ, зæгъгæ, æма сæмæ бауайæн. Хазби зудта, æз ескæмæ цæуагæ ке нæ адтæн, уой, æма ку нæ арази кодтон, уæд мин уотæ зæгъуй, мадта, мæмæ ами бангъæлмæ кæсæ, æз тагъд фездæхдзæнæн фæстæмæ.

Æнгъæлмæ имæ кæсун, мадта ци. Уæдмæ мæмæ еу каргун лæг рацудæй æма мин ездонæй загъта, цæмæй хæдзарæмæ бацудайнæ. Ци гæнæн ма мин адтæй – бацудтæн æ хæццæ медæмæ. Æма уинун: идзаг финги фæйнæфарс бадунцæ синхæгтæ, гагидæуттæ уадзунцæ бæрæгбони номæн... Хъæбæр хуарз исиуазæг кодтонцæ мах дæр...

Берæ рохс фæндитæ нæмæ адтæй нæ дууемæ дæр. Фал нин сæ æнæхайири тугъд нæ хъури фæббадун кодта.

Тугъдмæ дæр æ тæккæ райдайæни рандан еумæ, танкистти скъолай дæр ахур кодтан еумæ. Уæди рæстæги уавæртæмæ гæсгæ нæмæ ахид рауайидæ дзубандитæ Фидибæсти, уой сæрбæлтау уодуæлдайдзийнадæ бавдесунмæ цæттæ уни туххæй. Хазби федарæй фæззæгъидæ:

– Нæ Райгурæн бæсти мах нуртæккæ гъæуæн!..

Æма нæ Фидибæстæ цæйбæрцæбæл æновудæй уарзуй, цæйбæрцæбæл хъазар ин æй нæ адæми карнæ, цæйбæрцæбæл æнæуинон ин æй знаг, уой зæрдæргомæй æвдиста е 'мдзæвгити.

Æфсæддон къазармай хустан Бесати Газакки (Дзиуаригъæуæй) фæйнæфарс, Газакк бæрзонд лæхъуæн адтæй, мах ба æ рази – дууæ никлæггомауи. Газакк деси бацæуидæ, дæ лимæн дæ куд нæ иронх кæнуй некæд æма некæми…

Хазби æ бæзгин тетради финста æ гъудитæ, даргæ ба 'й кодта æ противогази хизини. Еци гъуддаг базудта взводи командир кæстæр лейтенант Жуковец æма фæххилæ кодта Хазбийæн. Æфсæддон æгъдаумæ гæсгæ, æцæгæйдæр, не 'нгъизтæй уотæ кæнун, фал Хазбийæн æ бæзгин тетрадæн æндæр бунат нæ адтæй. Фудлæг адтæй еци афицер, æдзæстуарзон… Æма Хазбийæн ахид раттидæ, æфхуæрæн æнæрадон наряд.

Уой хæццæ ба ма хъæбæр хеуарзон адтæй Жуковец. Ахид нин æстудта æхе, æнæзæрдихудт, уагæбæл, дан, ку службæ кæнайтæ, уæд, дан, мæнæ мæн хузæн хуарз афицертæ исуодзинайтæ. Æма еци дзубандитæмæ гæсгæ си æфсæддонтæ ба уотæ зæгъиуонцæ: æ кæстæр лейтенанти зæгæл (кубарь) имæ маршæли стъалуйæй бæрзонддæр кæсуй.

Гъема аци адæймаг Хазбийæн æ алли фæззилдмæ дæр е 'фхуæрæн дзурд гæлста. Æ еци миутæ нæмæ уоййасæбæл æнæраст кастæнцæ, æма еухатт, æхсæвæр ку бахуардтан, уæд ку исфæндæ кæнианæ мæн, куд Хазбийи хуæздæр æмбал, уотæ нæ командирмæ барветун: «Цæуай, ракъахай æй, æма базонæ, цæмæн æй Хазбийи нихмæ...»

Æз бацудтæн Жуковецмæ æма 'й æнæ ракæнæ-бакæнæй фæрсун, цæмæн дæ Калой-фурти нихмæ? Е мин уотæ зæгъуй:

– А какое твое дело?!

Уой райгъустонцæ иннæ æфсæддонтæ! Еугурæйдæр кавказæгтæ æрбамбурд æнцæ, нæхецæй Цæгæрати Максим, Къуллити Туземс, Бидети Александр, Къадзти Сергей æма ин еци тингунæй загъта́нцæ:

– Зонæ, кавказæгтæ уæхæн æфхуæрæн миутæ нæ хатир кæнунцæ. Æнцад ниууадзæ лæги, уадзæ æма финса æ финсуйнæгтæ...

Æ хузæ фæццидæр æй афицерæн, ракудæртæ 'й æма айдагъдæр ма уотæ исдзурдта:

– Я ничего… я ничего…

Уæдæй фæстæмæ Хазбийи нецæмæйбал хъор кодта, е нæ, фал ма ин «Молодец, кавказец», зæгъгæ, дæр ма зæгъидæ, финсгæ 'й ку баййафидæ, уæд.

Никкидæр ма еу хабар. Хазби къазармай радгæси кезу ку хаста, уæд фæсæмбесæхсæви, еу-æртæ сахаттебæл, ци стъоли фарсмæ бадтæй, уобæл æ бæзгин тетрад æрæвардта æма æмдзæвгæ финсунбæл исхуæстæй. Уотæ арф ранигъулдæй æ сагъæсти æма нæ балæдæртæй æ уæлгъос куд æрбалæудтæй, училищей радгæс. Æз дуармæ хæстæг хустæн æма мæ медфунæйæй мæ гъостæбæл рауадæй цидæр æзгули æма гъæр дзубанди:

– Война идет, война идет!..

Уæдмæ дин сæ рази февзурдæй еу болкъон æма сæ фæрсуй, сæ хæлхъой цæбæл æй, уомæй. Лейтенант ин уотæ:

– Война идет, а он стихи пишет!..

Болкъон ку балæдæрдтæй хабар, уæд уотæ бакодта:

– А что, если идет война, так мы должны дышать перестать? Очень хорошо, что у нас есть такие таланты, только пусть отражает в своих стихах всю правду времени...

Хазбийи фарс ке рахуæциуонцæ хуарз адæймæгутæ, е ин устур агъаз адтæй æ исфæлдистади ирæзтæн.

Уæдмæ уотæ рауадæй, æма Хазбийи хæццæ кæрæдземæй гъæуама фæххецæн адтайанæ. Æма мæмæ уæд æртæ æмдзæвги равардта, цæмæй сæ багъæуай кæнон. Фал, гъулæггагæн, нæ мин бантæстæй æ фæдзæхст исæнхæст кæнун, етæ мин тугъди хъæлхъойти цидæр фæцæнцæ, мæхуæдæг ба госпитæльмæ бахаудтæн.

Фæххецæн ан Хазбийи хæццæ устур зинæй. Фæххецæн дæн ме 'ннæ æмбæлттæй дæр берети хæццæ. Фал мæ финстæгути, кæмæ ма адтæй финсæн, уони фæрсинæ не 'мбæлтти идарддæри карни туххæй. Максим раздæр иссудæй Иристонмæ æма мæмæ финста, Хазби ке фæммард æй Курски къæлæти зинги.

Ахид æрлæууунцæ мæ зæрдæбæл ме 'мбæлтти хæццæ, уæлдайдæр ба Хазбийи хæццæ мæ царди хецæн цаутæ æма хабæрттæ. Мæлæти фудæй уæхæн парахат æма хæларзæрдæ адæймаги хæццæ фæххецæн ун арф гъæдгин ниууагъта мæ уодрæбун, мæ зæрди. Хазби мин сауæнгæ æ уарзон кизги финстæгутæ дæр ма кастæй, кастæй сæ устур цийнæ æма нифси хæццæ, тугъд фæууни фæсте райдзаст цардмæ бæлгæй...

...Еудадзуг уобæл гъуди кæнун, æма угæ ба куд хуарз æй, куд æнцон фæууй зæрдæн, ку дин уа нифсдæттæг, æууæнкгин æмгарæ æма æмбал. Цубур финстæги уой радзорун хъæбæр зин æй. Кæд æмбалæй ескæд еске амондгун адтæй, уæд уонæй еу дæн æз!.. Арфæ дин кæнун, мæ уарзон æмбал, Хазби, еузæрдиуон ке адтæ æмгарæбæл, Райгурæн бæстæбæл!

***2002 анз.***

**Зундгонд поэт, публицист, этнограф, рохситауæг Хъанухъти Дудари фурт Инали райгурдбæл аци анз æнхæст кæнуй дæс æма астинсæй анзи (1851-1899).**

***Зундгонд поэт ДЗУЦЦАТИ Хаджи-Морат (1935-2000) финста: «Поэти бæрнондзийнадæ адæми размæ, Иристони размæ Хазбийи хузæн зæрдибунæй неке мардта уодхарæй. «Маке мæ исхонæд мæн финсæг» – æ аци искурдиадæ ин хонунцæ æ хуæдæфсарми æвдесæн, фал е фулдæр адтæй, æхебæл, æ хъауритæбæл ке æгуугæндтæй, уой æвдесæн...»***

## ФÆДЗУРЫНЦ МЫН...

Фæдзурынц мын: «Ныууадз дæ фæндыр,
Кæнæ та бацагай дæ бæх.
Поэт уæвын кæй нæ фæфæнды,
Фæлæ нæуæгæй исты зæгъ.

Цард хорз у, уый фыстой ма раздæр...
Лæджы фæзмын æмбисонд нæу.
Кæдæмдæр музæ цалдæр азы
Дзæгъæл быдырты скъæфы дæу».

Æмæ фырадæргæй мæхицæн
Æппындæр нал ф' арын бынат.
Фæбæллын: ехх, кæмæй фæхицæн
Поэтикон лæмæгъдзинад!

*1939 аз.*

***

Комы уазал сау æхсæв æрхуыссыд,
Арвæй рахауд мигътæм уæлæ мæй...
Цæй, фыссон, æмæ йæм ныр цы фыссон,
Исты йæ, мыййаг, мæ мæт куы нæй.

Дон фæйлауы... дон мæстыйæ ниуы,
Къæйтыл райсом – урс фынкæй тæмæн...
Сауцæст, саудзыкку цæры мæ риуы,
Сауцæст басаста мæ тых мæнæн.

Зæрдæ – сайд, фыдуаг сæнттæ нæ сысынц,
Зæрдæ ацыд, ахицæн мæнæй...
Цæй, фыссон, æмæ йæм ныр цы фыссон,
Исты йæ, мыййаг, мæ мæт куы нæй?

*1940 аз.*

***

Тугæхсырæмхæццæ рустыл
Федтон æз сæууон æртæх...
Цæй, цæууыл мыл кæныс бустæ,
О мæ боны рухс, уый зæгъ!..

Æви æз дæуæн нæ бæззын,
Цардæн нæу мæ уд нывонд,
Æмæ сау бæндæн фæлæсы
Де 'взонг риуыл, судзы зонд?

Ма кæ, мауал мыл кæ бустæ,
Асæрф райсомы æртæх.
Æз дæу дæн, дæу дæн æнусмæ, -
Фод мын карз æвдисæн зæхх.

*1940 азы, август.*

## РАЙЫ АРВ

Райы арв мæ цинæй иууыл,
Дзуры мæм цыдæр æдзух...
Ахсæв саuæрфыджы риуыл
Æз æвæрын ризгæ къух.

Æмæ судзгæ былтæй нуазын
Хъазгæ цардамонды хай.
Дымгæ сыфтæртыл дзыназы
Æмæ куры уый мæ къай...

Фæлæ буцхаст уæнгты ризын
Æмæ сусæггаг улæфт
Мæн фæлмæст хъуыдытæй хизынц
Ацы цинæйдзаг æхсæв.

Риуы хъарм улæфтæй гуыры
Ног сæнтты сырхзынг рæхыс...
Æмæ цæстытæм лæбуры
Худгæ ног амонды хуыз.

*1940 азы, 3 август.*

***

Дæ уæнгты 'нæкæрон ныфс уа,
Сæрибар уартхæссæг æфсад.
Ды та дæ сабыр цард
Ныууагътай...
Æнафоны нæ зæхмæ 'ртахти
Фыдгулы зилдухгæнæг зынг.
Хæцын у зын.
Фæлæ уæлахиз
Ды дæ, мæ уарзон бæстæ, ды!
Æнцад, куыдз-рыцар,
Размæ ма хиз,
Дæ ных сæтты!..
Æллæх, цæй тæригъæд у зæхх!..
Дæ тугæй чъизи кæны зæхх,
Иæ рухс цæсгом мæйдарæй ивы...
Æгъгъæд!
Ды сахуыр дæ фæливын.
Лæбур, дæ гæндзæхтæ уал цæгъд,
Мæлæты мад, æнаккаг талæу!
Фæзынд нæ фондзтигъон ыстъалы,
Уый фехста сау мигътæм йæ тын,
Налаты цард ыскъуынæг тын.
Уый зоны: мах ыстæм уæлахиз.
Æнцад, куыдз-рыцар,
Размæ ма хиз,
Дæ ных сæтты!..

*1941 азы, 22 июнь.*

## ФÆСТАГ САЛАМ

Бæлас йе 'ртæх тауы зæххыл,
Уады 'нкъуысынæй фæллайы...
Асæргъыг кæнон мæ бæхы
Æмæ дард быдыртæм уайон.

Нæй мын фæсвæндагмæ здæхæн,
Карз тохы цæры мæ амонд...
Ма мæм хъамбул кæн фыдæхау.
Цæй, дæ фæндырæй æрцамон.

Æз æркъул кæнон мæ саргъыл,
Бæлæсты ныххырхон кардæй...
Гъей, зæгъут-ма, цавæр аргъæй
Балхæндзæн лæг амонд царды?

Æз лæгæй лæджыхъæд домын,
Хорзы агурын æмбалæн...
Сау æфсургъы чи уромы!..
Улæ 'рхауы боны стъалы...

Ды цæрдзынæ ам нæ фæстæ...
Ратт фæстаг салам ныр махæн...
Ницы мæ хъæуы, æрмæстдæр
Бахуд!..

*1941 азы 15 июль, Елхот.*

***

Ыстыр хæстæй æрцæуугæйæ
Фæбадтæн æз нæ ныхасы.
Ыстыр хæстæй æрцæуугæйæ
Фæмысыдтæн мæ тухитæ...
Ехх, мæ ныййарæг мад,
Нал уыди мæ бон!..

Иннабонæй-иннабонмæ
Фæцыдыстæм кæйдæр зæххыл.
Иннабонæй-иннабонмæ
Хæцыдыстæм кæйдæр зæххыл.
Фыдызнагимæ карз тохы
Нæ басасти нæ тых...

Æхсæв-иу мæй куы сцæйтылди, -
Мæхи-иу ыл ныффæдзæхстон,
Нылхъывтон-иу мæ дæндæгтæ,
Æд кард-иу размæ атахтæн...
Ехх, мæ ныййарæг мад,
Нал уыди мæ бон!..

Лæгæн тæригъæд чи кодта!
Лæджы цард ма кæмæ цы каст!..
Уæддæр фæстæмæ 'рцыдыстæм
Сæрæгасæй нæ хъæубæстæм...
Фыдызнагимæ карз тохы
Нæ басасти нæ тых...

Ыстыр хæстæй æрцæуугæйæ
Фæбадтæн æз нæ ныхасы.
Ыстыр хæстæй æрцæуугæйæ
Фæмысыдтæн мæ тухитæ...
Ехх, мæ ныййарæг мад,
Нал уыди мæ бон!..

*1941 азы, октябрь, Камышин.*

Калоти Хазбийи поэтикон исфæлдистадæ æ рæстæги зундгонд иссæй Советон Цæдеси иннæ адæмихæттитæн дæр, е 'мдзæвгитæ уруссаг æвзагмæ тæлмацгонд ке 'рцудæнцæ, уой фæрци. Тæлмац ба сæ кодтонцæ нæ бæсти искурдиадæгин поэттæй бертæ: Борис Голлер, Сергей Ботвинник, Сергей Поликарпов... Уотемæй мухургонд æрцудæнцæ цалдæр киунугеми: «До последнего дыхания», «Стихи советских поэтов, павших в Великой Отечественной войне», (Мæску, 1985); «Советские поэты, павшие в Великую Отечественную войну», (Мæску, 1965); Нæ иннæ æдзард поэт Кочисати Мухарбеги хæццæ син Мæскуй 1973 анзи угъд æрцудæй еумæйаг киунугæ «Побратимы».

Абони мухур кæнæн Калоти Хазбийи цалдæр æмдзæвги уруссаг æвзагмæ тæлмацгондæй.



## УЛЫБАЕТСЯ НЕБО

Улыбнулось светло и немо
Надо мною ночное небо…
Я к груди твоей прикасаюсь,
Я сгореть в любви опасаюсь…
Чаша счастья – она бездонна,
Чаша жизни – полна до срока…
Только ветер скулит бездомный
Без тебя ему – одиноко.
Но всей дрожью сиюминутной
И дыханья горячей тайной
Огражден я от мысли смутной,
Защищен от тоски случайной.
И опять сердце бьется чаще,
В цепь мечтаний включая ток…
Чтобы тотчас новое счастье
Я очами окинуть мог.

*Август, 1940 г.*

## ПРОШУ ЗЕМЛЮ

О, как ты недоступна, сила слова!
Бушует сердце, радость бьется в нем…
Земля моя, всех дел моих основа,
Вспои меня белейшим молоком!
Я с вами, жизнь, вселенские просторы,
И эту связь ничто не разорвет.
Люблю, земля, сверкающие горы,
Люблю полей пшеничных разворот…
Люблю… Но с вами вправе ль я сравниться,
Орлы, герои – нарты наших дней?
Прошу, земля, со мною поделиться
Своею силой, правдою своей.
Мне подари слова – стальные стрелы,
Поэзии секрет не утаи…
О, где ты, дней свободных сокол смелый.
Дай крылья мне могучие свои!

*1940 г.*

***

В ущелье – холодная, черная ночь,
На облако с неба упала луна…
Я милой писал бы – да что-то невмочь,
Меня ведь и вспомнить не хочет она.
Грохочет, волнуется горный ручей,
И с берега пена сползает, седа…
От кос твоих черных, от черных очей
Влюбленной душе не уйти никуда.
Обмануто сердце, в нем черная ночь,
Уходит оно, а разлука страшна…
Я милой писал бы, да что-то невмочь,
Меня ведь и вспомнить не хочет она.

*1940 г.*

## К ВОЛГЕ

Спит Волга, легкая волна
Покачивает сонно.
Напиток нартов пьет она,
Ей ветром поднесенный.
Луна в воде дрожит слегка,
Как чаша золотая.
В алмазном поясе река
Уходит вдаль, блистая.
Слезами радости омыв,
Возьми меня с собою!
Ведь я – твой благодушный див
С похожею судьбою!
Как волны, я впадаю в гнев
И не терплю обиды,
Мне отдал ветер свой напев,–
Но я спокоен с виду.
Хочу смеяться… и молчать…
Манит простор вселенной!
Ты можешь вдаль меня умчать
Волною белопенной.
Тебя навек я полюбил,
Склонился пред могучей,–
Так тополь стан свой наклонил
Под бурею летучей.

*1941 г.*

***

Не пожалею жизни, ибо знаю:
Жизнь схожа с водопадом… Грянет бой –
Паду, быть может, землю обнимая,
Но гордо встречусь с трудною судьбой.
Подруга лира, ты покрылась пылью,
Уже забыл осанку я твою…
На боевом ветру, расправив крылья,
Я, как орел, что бури ждет, стою.

*Сентябрь, 1941 г., Камышин.*

## МЕЧ

*(Баллада)*

Тень мрачная упала на страну,
И уходили юноши – джигиты…
Мать сына провожала на войну:
«Отцовский меч в сраженьях сбереги ты!

Из боя он прислал его тебе –
На нем еще алели крови пятна…
Я верю: будешь стоек ты в борьбе,
С победою вернешься ты обратно».

Как птицы, мчались быстрые года,
И дерево засохло понемногу…
Мать опустила голову, седа,
Она глядела долго на дорогу.

И услыхала голос: «Жизнь сберечь
Не смог твой сын – сберег он честь солдата…
Он, падая, мне передал свой меч,
И я его храню в сраженьях свято!»

*1941 г.*

## ПРОЩАЛЬНЫЙ ПРИВЕТ

Гнула буря дерево сурово –
Вся в росе, лежит под ним земля…
Скакуна оседлываю снова
И скачу в далекие поля.

Мне нельзя сворачивать с дороги –
Счастье добывается в бою…
Не гляди так мрачно, друг мой строгий,
Лучше разверни гармонь свою!

Требую я мужества большого,
Дружбы настоящей, навсегда…
Кто коня удержит вороного?
Вот упала ранняя звезда…

После нас ты будешь жить на свете –
Дорог нам прощальный твой привет…
Одного хочу в мгновенья эти:
Подари улыбки свет!

*1941 г.*

**Поэт æма драматург, Дагестани Сулейман Стальсгийи номбæл республикон премий лауреат, адæмон финсæг Кулунчакова Бийне Исхаки кизгæ 11 августи исбæрæг кодта æ райгурæн бон (1946).**

*Цард ци ‘й, уой туххæй недзамантæй нури уæнгæ дзурдæуй. Зæгъæн, номдзуд францусаг финсæг Жозеф ЖУБЕР (1754-1824) уотæ финста: «Цард æй, зæрæндтæ ке фæуууидтонцæ, сæ бæнттæ кæми рарвистонцæ, уæхæн бæстæ. Цардмæ æхе ка цæттæ кæнуй, етæ надæй фæрсæнтæ зæрæндти...»*



# ЗÆРДИ АУИНДЗÆНТÆЙ АДТÆ ЕУ

## ЕЛБИЙТИ ЛЕРМАНИ ИМИСГÆЙ

СОСÆНИ мæйи 22-аг бон. Аци бон мин сæумæй фегъосун кодтонцæ дæ марди хабар. Æмир ризт никкодта мæ бауæр, ме ‘взаг мæ коми нæбал тастæй, мæ байуантæ æрвдзæф бæласи калд никкодтонцæ. Туххæйти ма уидтон мæ развæндаг.

Адæм тæвди идæф кæнунцæ, мæн уодбæл ба ехин зæйæ лæдæрсæнтæ кæнуй, адæргæй ниндзуг дæн.

– Лермани туххæй æ кири рази дуuæ загъди ку зæгъисæ, – сæхе мæмæ бахадтонцæ дæ хеуонтæ...

О, мæгур мæ бон, æма кæцæй æрхæссон уæхæн нифс, уæхæн хъаурæ. Куд батасдзæнæй ме ‘взаг дæуæн «Фæррохсаг уо...», зæгъун. Нæ, уой бæсти æдзæмæй, гобийау лæудзæнæн мæрдадзи. Ниххатир мин кæнæнтæ. Ниххатир мин кæнæ ду дæр ме ‘гуппæгдзийнадæ. Аци бон æй мæ царди æгудзæгдæр æма унгæгдæр бæнттæй еу. Мæ гъости ба дудзигъæрæй азæлунцæ кедæр гъарæнги дзурдтæ: «О, Лерман! Мæгурдæр фæуууæд, ду кæмæн адтæ æма ду кæмæн нæбал дæ!..» Е, æвæдзи, мæн кой кæнуй...

Фал, зæгъай, куд ибæл æууæндон, куд зæгъон, Лерман мин нæбал æй, зæгъгæ. Зæрдæ ауиндзæнтæбæл баст æй æма си ду сæ тæккæ рæбунггагдæртæй еу ку адтæ, уæд.

Дæ уоди рæсогдзийнадæ – сауæдонæй рæсогдæр, дæ зæрди гъар хъæрттæй æнккæтебæл дæр.

Мæ кæстæртæ мæмæ зунд байамонунмæ æнгъæлмæ кæсунцæ, мæхуæдæг ба зунд райсун æнгъæлдзау дæуæй ку адтæн. Уогæ ба ми ци нифс адтæй дæуæй, ци федар цæгиндзæ мин адтæ.

Еунæг къуæре мæмæ æнæ æрбадзоргæ ку некæд адтæ, уæд ми нур дæхе куд фæййеуварс кодтай?

Уотæ уарзæг уоди хецау огæй, ци хъæбæр æверхъау хузи цæуис аци мæнгæ дуйнейæй.

Ци гæнæн ес… Мæ царди бæнттæ мæхе барæ ку уайуонцæ, уæд ма мин ци байзадæй аци дуйнебæл цæрунæн, уой дæ хæццæ дуuæ рæстæмбеси бæргæ бакæнинæ. Фал…

Нæбал ковун Хуцаумæ, – æгæр берæ æнæраст тæрхæнттæ имæ ес. Нуртæккæ ковун мæрдти Барастæрмæ: «Уæлæбæл ин Хуцауи цæстæ ци рохсдзийнадæй нæ бахай кодта, еци рохс дзенетæй ин Ду уæддæр мæрдти бæсти бахай кæнæ».

Цæуис ни абони, фæндараст дæ кæнæн. Дæ зæрдæ куд рохс адтæй уæлæбæл, уотæ райдзаст уæд мæрдти бæсти дæ бунат...

Кæддæр Лермани номбæл нифинстон æмдзæвгæ. Бауайдзæф мин кодта: «Æз уой аккаг нæ дæн», – зæгъгæ. Нур æй газеткæсгути размæ хæссун.

### НОМЕРÆН

*(Елбийти Лерманæн)*

Дæ еу ракаст дæр фæлмæн хор æй,
Æдæ лæфинттæй уæфт æцæг.
Дæуæн Дигорæ нифси морæ ‘й,
Дæуæн дæ дзиллæ – зæрди цæг.

Æрдзæн æнтæст дæ æ кæдзоси,
Дæ цард изæдти ‘мбал бæргæ ‘й.
Цума ниллæги уæд ци коси,
Ци си феронх дæ адæргæй?..

Æй дæ бунат дæуæн бæрзонди, –
Кæмæ нæййес, нæ, рæдæхсæн.
Ду уæхæн уоди хецау огæй, –
Æгæр æвгъау дæ æ зæнхæн.

**_КОЛИТИ Витали_**

# ФИЦЦАГ ИРОН ДУЙНЕЙ ЧЕМПИОН

МАДТА куд тагъд тæхунцæ æнзтæ! Кæддæр адæймагбæл æртинсæй анзи, зæгъгæ, цæуй, ку фегъосианæ, уæд нæмæ уотæ кæсидæ, цума е зæронд лæг æй. 80-анздзуд ба нæмæ бустæги зæрондбæл нимад адтæй. Нур нæхебæл 70 анземæй фулдæр ку фæццæуй, уæд нæмæ 60 анзей размæ ци гъуддæгутæ ‘рцудæй, етæ дæр æзини хузæн фæккæсунцæ.

Мах ма скъоладзау сувæллæнттæ адтан, уотемæй газетти æма радиой фæрци нæ гъос æрдардтан, уæди рæстæги устур спорти фиццаг къахдзæфтæ ци ирон богæлттæ кодтонцæ, уонæмæ. Кæрæдземæн кодтан Дзгойти Аслæнбег, Хъулати Бадзи, Бекмæрзти Михал, Дзарасати Саукуй, Гиоти Хасан, Бестаути Алинбеги туххæй ци хабæрттæ игъустан, уони. Абони хузæн æй гъуди кæнун, 1956 анзи куд фегъустан, Хъулати Бадзи æма Бестаути Алимбег Мельбурнмæ Олимпаг гъæзтитæмæ цæунцæ, уой. Еци бæнтти нæ физкультури ахургæнæг Лекъти Тотраз махæн игъæлдзæгæй ку радзурдта, ирон богæлттæ Олимпаг гъæзтити ке архайдзæнæнцæ, никки ма си еу не ‘мкъласон Хъулати Эльбруси хестæр æнсувæр Бадзи уодзæнæй, зæгъгæ, уæд ма нæ цийнæн кæрон кæми адтæй. Уæд Бадзий хæццæ Мельбурнмæ рандæй, еци анз дуйнеуон Кубок ка рамулдта, уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй, еци ирон богал Бестаути Алимбег. Мах уæдмæ Алимбеги тухxæй зудтан, Советон Цæдеси æригæнтти ‘хсæн, Уæрæсей ба каргун спортсменти ‘хсæн чемпион ке ‘й, уой.

Æ кой нин кæниуонцæ, махæй хестæр ка ‘дтæй, еци сколадзаутæ дæр. Уæд махæн, гъæукках бицщеутæн, фадуат нæ адтæй Алимбег æма нæ иннæ богæлтти горцъебæл хуæцгæй фæууинунæн, фал æй ка фæууидта, етæ куд дзурдтонцæ, уотемæй уой цурд æма рæсугъд архайдæн æмбал нæ адтæй.

Мельбурни Алимбег адтæй 20-анздзудæй, æма æртиккаг бунат ку байахæста, уæд махæн е хъæбæр зин адтæй, уомæн æма ‘й худтан сугъзæрийни аккаг. Цæмæй зудтан, Олимпаг гъæзтити цийфæнди майдан райсун дæр устур æскъуæлхтдзийнадæбæл нимад æй, уой.

Мельбурни Олимпиадæбæл анз дæр нæма рацудæй, уотæ 1957 анзи Стамбули уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй цудæй дуйнеуон чемпионат. 67 килограммей уæнгæ уæзи ССР Цæдеси еугонд команди хуæстæй Бестаути Алимбег. 20-анздзуд богал Стамбули ци дессаги хъаурæ æма дæснидзийнадæ равдиста, уой æмбесондæн хастонцæ айдагъ нæхе спортуарзгутæ нæ, фал фæсарæнти дæр ма. Алимбег Стамбули æ еугур нихмæлæугути дæр рамулдта.

Уæхæн устур хъаурæ æма дæснидзийнадæ равдесун Алимбегæй уæлдай некæмæн бантæстæй. Сауæнгæ ма туркаг спортуарзгутæ дæр Бестауи-фурти исхудтонцæ чемпионати тæккæ хуæздæр богал, æма ин æ ном æмгъæлæсæй дзоргæй тухгин къохæмдзæгъд исаразтонцæ.

Аци уæлахезæй Бестаути Алимбег дуйнеуон спорти бæрзæндтæмæ над райгон кодта нæ иннæ богæлттæн дæр. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма Алимбег уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй адтæй айдагъ Иристони нæ, фал Уæрæсей фиццаг дуйнеуон чемпион.

Алимбеги цурд æма рæсугъд архайд æмбесондæн байзадæй уæгъдебарæ гъæбесæйхуæсти историй.

Бестауи-фурт айдагъд устур спортсмен нæ адтæй. Куд адæймаг, уотæ ин устур аргъ кодтонцæ, кадæриддæр æй зудта, етæ. Æмбесонди хæларзæрдæ æма æнæхийнæ, æмгæрттæбæл еузæрдиуон, æгъдаугин адæймаг адтæй Алимбег. Уæлдæр спортивон ахурадæ ку райста Ленинградi Лесгафти номбæл институти, уæдæй фæстæмæ службæ кодта Советон Æфсади Центрон спортивон совети. Цæйбæрцæдæр рæстæг куста фæсарæнти. Адтæй Ирани Саддам Хуссейни сæрмагонд æфсæддон отряди тренеринструктор. Æ спортивон хуæрзеугутæй уæлдай Алимбег хуарзæнхæгонд адтæй паддзахадон хуæрзеугутæй дæр.

Гъулæггагæн, Алимбег æ цардæй рахецæн æй æгæр раги. 1988 анзи 53-анздзудæй Иристонæй фæгъгъудæй уарзон фурт, устур спортсмен æма патриот, Советон Цæдеси спорти æскъуæлхт мастер æма тренер Бестаути Алимбег.

Бестаути Алимбегбæл 15 августи гъæуама исæнхæст адтайдæ фондз æма цуппаринсæй анзи (1936-1989). Æма, гъулæггагæн, нур дууадæс æма инсæй анзи



не ‘хсæн кæд нæбал æй, уæддæр æй æ уарзон Иристон зæрдтагонæй имисдзæнæй фæлтæрæй-фæлтæрмæ. Нæ республикæн æ спортивон æнтæстдзийнадæ æнæгъæнæ дуйней бæрзондæй-бæрзонддæр ка искодта, ирон лæги ном кадæ æма радæй ка фæххаста, еци Бестаути сахъигурд Алимбеги рохс ном, æ арфиаг гъуддæгутæ æма цæмæдессаг æскъуæлхтдзийнæдтæ, æруагæс ни кæнуй, некæд феронх уодзæнæнцæ, æности цæрдзæнæнцæ нæ адæми зæрдити, куд нæ дзилли намуси туруса кадгиндæр хæсгутæй еу, уотæ цитгингонд цæудзæнæй...

**_БАСКАТИ Урузмæг_**

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

Сæйраг редактор: **САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№1800.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 12.08.2021.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 12.08.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**
**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**